



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE Y AP AJOUTE KONTE MONROE AK CAYUGA NAN DEKLARASYON FEDERAL DEZAS APRE INONDASYON LAKE ONTARIO AN**

***FEMA Dakò pou Finanse Asistans Piblik pou Depans ki Asosye avèk Reparasyon ak Mezi pou Repons Ijans pou Enfrastrikti Piblik, Bilding, ak lòt Etablisman Kominotè***

Jodi a, Gouvènè Cuomo te anonse FEMA chanje Deklarasyon Dezas Lake Ontario an (Lake Ontario Disaster Declaration) pou Finanse Asistans Piblik (Public Assistance Grant Funding) bay Konte Monroe ak Cayuga, pou reparasyon ak mezi pwoteksyon ijans apre domaj ki te genyen akòz yon inondasyon san parèy Lake Ontario ane pase a. Nan mwa Novanm, yo te apwouve yon demann Gouvènè an te fè pou yon deklarasyon gwo dezas, men deklarasyon an pa t gen Konte Cayuga ak Monroe ladan. Gouvènè Cuomo te fè apèl nan kad desizyon sa a, nan dat 15 Desanm 2017.

“Ane sa a, anpil kominote te viktim plizyè gwo inondasyon olon rivaj Lake Ontario akòz nivo dlo ki pa t janm wo konsa, e New York te pase ane an ap batay pou asire gouvènman federal la bay soutyen ki apwopriye pou ede konte yo leve atè a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Gras a amannman sa a, Konte Monroe ak Cayuga yo ap kapab fè reparasyon enpòtan nan etablisman ak enfrastrikti yo, epitou y ap amelyore rezistans yo.”

Aprè esklizyon Konte Monroe ak Cayuga nan deklarasyon federal dezas la okòmansman, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) te travay sere-sere avèk fonksyonè konte yo ak FEMA pou valide domaj adisyonèl ki te depase papòt FEMA egzije nan chak konte. Avèk apwobasyon sa a, pral gen Asistans Piblik pou konte sa yo, minisipalite yo, e sèten òganizasyon prive ki p ap travay pou lajan, sou yon baz pataj depans pou travay ijan e pou reparasyon oubyen ranplasman etablisman ki sibi dega nan kad gwo inondasyon sa a.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo, Roger L. Parrino, Sr., te di,** “Mwen ta renmen remèsye FEMA poutèt li pran tan pou revize apèl nou an e poutèt li apwouve demann nou fè pou li bay Konte Monroe ak Cayuga Asistans Piblik. Sa se yon lòt egzanz kolaboratè lokal, federal ak leta ki mete tèt ansanm pou asire sitwayen yo jwenn asistans yo bezwen”.

Pwogram asistans piblik FEMA ofri ranbousman pou gouvenman lokal yo apre prezidan an te fin deklare yon katastwòf pou aktivite yo tankou retire debri, mezi pwoteksyon nan ka ijans, reparasyon ak rekonstriksyon enfrastrikti piblik ki te andomaje tankou wout, lekòl pon, pak, lopital, estasyon lapolis, ponpye, etablisman dlo ak tretman dlo sal ak lòt etablisman piblik yo.

### **Enfòmasyon sou DHSES**

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen pou efò pou prevni, pwoteje, prepare, reponn, epi rekipere kont atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak sa moun fè, ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES](#), swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), oswa ale sou [dhSES.ny.gov](http://dhSES.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418